Nomer 31 Salasa 26 Januari 1926 (12 Radjab 1344) Taoen ka 2

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan: Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat.
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## Biantara oetoesan Tjiandjoer dina Congres Pasoendan.

(Samboengan Sip. No. 30).

Keregodna anoe djadi kamadjoean bank afdeeling pikeun abdi-abdi noe leutik koe timbangan djisim koering, nja eta:

1. rentenna mahal teuing pikeun noe tani soemawonna noe njawah.

2. tandonna kedah ageung.

3. Lilana indjeuman oepami dianggo ngagaleuh barang noe pageuh, sakedap teuing.

4. dimana bade namboet seueur atoeran, teu beunang diboeroe boe toeh.

Oepami eta bank afdeeling teu njoempoenan kana kahajang oerang, oerang teh oelah moeng iasa njawadna woengkoel, ngoesoet-ngoesoet gawe batoer, ngaroeag ngaboerak djieun deungeun, ari dititah ngadegkeun deui teu ngabigeung, dititah njareengseoem anggoer ngiroeng, eta panjawad teh awon.

Ajeuna mangga oerang papaj, timana bank afdeeling teh kengingna modal?

Moemoendelna modalna teh ti noe njengtjelengankeun (deposito) sareng kenging namboet ti goepernemen (Centrale Kas). Djabi ti eta pimodaleunana teh dibandjel-bandjel koe artos loemboeng desa tea. Sapalih kantor bank nambahan modalna koe ngajakeun artos tjengtjelengan paksaan. Ieu atoeran sajaktosna mah sami bae sareng naekeun renten.

Naha ngajakeun modal make djalan kieu teh matak njoeroeng-njoeroeng kana kamadjoeanana noe ngarindjeum? Rasa koering henteu. Ari kahadeanana njaeta atoeh moeng oepami dibandingkeun sareng lentah darat bae woengkoel. Djabi ti noe ka sebat tadi modalna bank teh katambahan koe tjengtjelengan doeit desa (kas desa). Rentenna, boh pikeun doeit loemboeng, boh tjengtjelengan paksaan, boh doeit desa handap pisan. Tapi keun bae da kapan ieu teh (bank tea) mang oesahakeun oerang!

Sanadjan rantena mahal, di djero 6/20 taoen katjida saeutikna bisana ngajakeun modal sorangan. Sakitoe teh sangkilang make modal ti loemboeng djeung tjengtjelengan paksaan tea. Anoe kaseboet gantjang oge hoga modal sorangan bank afdeeling Tasikmalaja djeung Tjiamis. Doepi margina artos loemboengna rada poengkil kawoewoeh aja artos paksaan tjengtjelengan tea. (Tasikmalaja 23 taoen sareng Tjiamis 15 taoen).

Noemoetkeun verslagna Volkscredietwezen dilebet 14—28 taoen modal sorangan aja f 5217.100, doepi noe diindjeumkeun aja f $38^1/_2$ milioen (13%).

Oepami ningal kana kaajaan noe saroepa kitoe, pibasaeunana taja sanes teu taoen mana, boelan mana, djoeroe tani koedoe bisa meunang crediet moerah teh atoeh. Naha koedoe ngadagoan boeloean beloet, djangdjangan oraj heula?

Djoeragan-djoeragan para mitra sadaja!

Moal lepat deui kapajoen mah ngajakeun modal sorangan teh tiasa lang koeng gantjang, nanging kaboetoehna abdi-abdi oge tina perkawis crediet, anoe robahna kaajaan-kaajaan kantenan langkoeng ti ajeuna. Doepi noe djadi panghalang-halang kana nambahan modal sorangan teh nja eta djoeroe tani noe geus kadaekna, asak tim bangsaana, moal gana-gana wani ngindjeum, lantaran seueur noe djadi kaabotan, noe parantos didadarkeun tadi tea.

Naha pangna katjida kendorna ngajakeun modal teh salah dina ngadjalankeunana atanapi ngatoerna bank-bank tea?

Oepami oerang marios verslag-verslagna bank-bank afdeeling, oerang tiasa mere pertimbangan kieu:

1. Rentenna artos simpenan sareng artos Centrale Kas teu tiasa ditoeroenkeun gede-gede.

2. Bajaran ponggawa-ponggawana atanapi ongkos-ongkos djalan kenging disebat saeutik teuing. Oepami bajaranana sae, bank tiasa ngagawekeun noe moeloek pangaweroehna tina perkawis economie. Kapan ajeuna mah (kitoe soteh noemoet keun timbanganana doea tiloe Toean noe parantos naoenan djadi bestuur bank) seueur keneh pagawe anoe tatjan njoemponan kana kamistianana.

Tjatjampoeran djeung abdi-abdi koe doe leuwih raket ti ajeuna, margi nja abdi-abdi noe kedah sering ditoedoeh toedoehkeun kana djalan kamadjoean. Djadi tina perkawis engkos djalan teu tiasa dikoerangan.

Djabi ti eta kapan satiasa tiasa laoen-laoen mah oeroesan bank teh kedah lesot tina tangan B. B. Ieu teh kantenan woewoeh naekken ongkos-ongkos. Tjindekna koe noemoetkeun djalan ajeuna teh katjida kendorna ngajakeun modal sorangan. Djadi oepami hajang tinekanan sakoemaha noe diangen-angen di lebet 30 taoen deui oge lakoe ning biheung.

Oepami kitoe atoeh kamadjoeanana tina perkawis economie pikeun oerang priboemi koe pitoeloengna credietwezen moal tiasa marengan kana gantjangna robahan djaman. Djisim koering pertjanten, jen noe ngarindjeum ti bank nadjan rentenna 18% oge, soemawonten oepami kirang mah parantos ngaraos atoh sarta kapaksa koedoe namboetna teh, margi oepami henteu tiasa djadi diseuseup koe lentah darat. Tapi sanadjan kitoe, timbangan djisim koering tetep teu adilna sarta samangsa-mangsa abdi-abdi geus barenta oge, laoen-laoen kantenan ngarti jen ngajakeunana modal teh koe ngali tjatjingkeun peungpeung teugeuh barianeun. abdi abdi noe keur noedjoe kadoengsang-doengsang tina perkawis economiena. Djeung ajana dina kitoe teh geus 300 taoen ditoeng toen toengtoen koe anoe geus loehoer panemoena. Landong poeroeloekna: meunang eungkeut eungkeut koekoem poel noe teu baroga ajeuna teh soegan bae ngeunahna mah kasorang koe anak intjoe. Sareng koe oerang oge boa kaalaman keneh, asal aja pidjalaneunana pikeun ngajakeun modal sorangan, toer temponа teu sakoemaha lilana. Moeng njaeta atoeh!

Tjing oerang papaj ti hoeloewotanna, ti Centrale Kas. Naha Centrale Kas teu bisa ngarobah kaajaan ajeuna kieu teh?

Noe mawi, pikeun Centrale Kas oge seueur-seueur noe djadi halangan, lantaran teu gadoeh modal sorangan. Dina taoen 1916 katompernakeun Centrale Kas teh dimodalan koe goepernemen f 287520, njaeta artos paindjeuman goepernemen ka kantor-kantor bank. Nanging eta artos teh koe Centrale Kas ka Goepernemen kedah direntenan sarta ari modal sakoerangna mah Centrale Kas teh kedah balangsiar deui ti noe sanes.

Noemoetkeun tina seseratanana mah Centrale Kas teh kedah ngadeudeul ka V. C. W., nanging pangdeudeulna teh babakoena mah moeng woengkoel batin, da Centrale Kas pribadi oge parantos roemanggieung kirang bahan. Atoeh oepami kitoe mah seseratanana tina perkawis gawena Centrale Kas teh sami bae sareng omong kosong.

Maksadna obrolan tina perkawis afdeelingsbank sakitoe pandjangna teh, di ditoena mah bade netelakeun, jen oepami atoeranana V. C. W. tetep sapertos ajeuna henteu enja-enjaan noeloengananа kana kamadjoean economie pikeun oerang priboemi sarta pangna kitoe teh djalaran oeroesan modal.

Doepi pangna V. C. W. tea teu njoemponan kana kaperloean, sanes lepatna anoe mimiti ngatoer atanapi noe ngraskeun. Malahan tiasa nepi ka tjara ajeuna oge parantos kedah njoeplak topi: tina kawit teu gadoeh naon-naon doegi ka beh gedongna, beh modalna sorangan kendor-kendor bae mah. Doepi noe lepatna systeemna.

Oepami Pamarentah nanja maneh: naha perkara volkscrediet kaasoep kana oeroesan nagara? Djawabna teh: atoeh poegoeh. Sanggem djisim koering: Atoeh ari kagoengan manah kitoe mah noeloengna oelah sabeulah sapotong. Radjeun teh noeloeng kawas poeraga tanpa kadengda, estoe koerat-karet, tambah-tambah koedoe dipoelang tarima (renteu). Koe tanaga oge memang pamarentah teh noeloeng nja eta koe golongan B. B. Poegoeh ge ngaranna noeloeng, sapalih mah kantenan moal enja-enja, kawoewoeh kapan ponggawa di B. B. teh sakitoe seueurna damel.

Noemoetkeun systeem ajeuna nja eta kieu: kawitan koempoel-kempel modal, tidinja nembe noeloeng kana kamadjoeanana abdi-abdi. Djadi estoe sawangsoelna pisan tina ngadjalankeun paoesahaan biasa. Kapan oepami aja noe bade dagang mimiti ngajakeun modal heula, saparantosna dimana dagangna kaleresan, nembe naros-naroskeun kani'matanana kenging bati teh.

Credietwezen oge kedah ditoeloeng pikeun modalna heula sarta saena mah kantenan pimodaleunana teh dongkapna ti abdi-abdi. Moeng bae koemargi di oerangna sakieu boektina pimodaleun teh ti oerang mah teu kenging diarep-arep.

Ti saha atoeh? tangtos pisan ti Pamarentah (staat) kapan noemoetkeun bagbagan ngoeroes nagara djaman ajeuna mah ngamadjoekeun tina perkawis kahiroepanana oerang priboemi teh kalebet kana kawadjiban nagara. Margi-margina noe sanes noe mawi perkawis modal kedah koe nagara nja eta:

1. teu kenging dipoengkir deui nagara teh koe oerang kahoetangan boedi (sing emoet kana batig saldo politiek).

2e. nagara tiasa ngahoetang ageung toer pokona teu kedah enggal-enggal ditaoer (continieeren). Engke oepami parantos digolangkeun oge laoen-laoen tiasa kataoer, nanging saheulaanan mah tjekap koe dibajar rentenna bae woengkoel. Oepami ningal kana kaperloeananа pikeun noe tani di tanah Djawa sareng Madoera kedah ngajakeun modal teh 40 millioen (noemoetkeun verslag credietwezen taoen 1925, doegi ka sasih Juli seueurna indjeuman pikeun tatanen f 1166503 sareng pikeun sato chewan f 4679003, djoemblah pikeun tatanen f 1694403, 44% tina djoemblahna indjeuman. Diboeleudkeun ± 20 millioen. Dina sataoen 2 × 20 millioen = 40 millioen. Di buitengewesten noe dianggo kaperloean tani moeng 22% tina indjeuman, seuseueurna noe diindjeum teh pikeun tatanen tea mah koe Lampongsche Bank. Djadi seuseueurna indjeuman teh pikeun kaparloean dagang. Djoemblahna noe diindjeumkeun di Buitengewesten aja f 956903 di lebet 6 sasih.

Meureun saoer pamarentah koedoe ka mana balangsiarna neangan pimodaleun noe sakitoe lobana? Doeka teuing, moeng sim koering bade naros, sabaraha millioen sesana doeit-docit begrooting Hindia dina abad ka toekang-toekang.

Malah oepami nagara tea teras ngandjoek pimodaleun, kahajang sim koering mah rentenna bagian sim koering bae sareng modalna eta sanes di liwakkeun heula ka bank afdeeling pikeun djoeroe tani mah, nanging dipasrahkeun ka panoengtoen-panoengtoen patani. Doepi patani-patani majar rentenna oelah langkoeng 5 à 6%, laoen laoen oepami patani parantos rada boeloean nembe ngemoet kana bank tani pribadi di desa.

Eta margina noe mawi Tjiandjoer njanggakeun voorstel ka H. B, soepados pamarentah enggal enggal ngadamel fonds pikeun kaperloean patani bangsa priboemi, noe boetoeh pikeun modal, oelah doegi ka kapaksa namboet ka bank afdeeling, loemboeng desa atanapi bang desa. Doepi margina koe dadaran noe parantos kaoendjoek tea parantos terang jen eta mah sama sakali henteu matak madjoe ka na kahiroepanana patani, malah noe poegoeh mah artos begrooting bae matak lebar dianggo majar ponggawa panoengtoenna.

Djoeragan-djoeragan, para mitra!

Koe panjipta ati sakoemaha teuing piraoseunana pikeun djoeroe tani soemawonten pikeun djoeroe tani noe aralit mah, oepami laksana nja pamak soedan. Dina voorstel disebat „enggal enggal", margina noemoetkeun wartos Landbouwcrediet bade diatoerna jaktos teh panginten enggal-enggalna oge 4—5 taoen kapajoen. Dina taoen 1927 nembe bade diparios leres koe 2 ponggawa Goepernemen noe ngahadja didamelkeun kana perkawis eta. Djadi djisim koering njoehoenkeun ngajakeun fonds teh etang-etang saheulaanan, noehoen oepami engkena tiasa ka rempagan koe systeemna noe bade di damel koe ponggawa noe kasebat tadi tea.

Samemehna gondjiang oeang panoeloeng torodjogan ti Pamarentah djisim koering aja panoehoen ka djoeroe tani pertengah di desa, Tjing tembongkeun heula kanjaah oerang pribadi ka bangsa oerang. Tembongkeun ka roe djoekan kapertjajaan oerang soepaja tjintana tjeuk bareedak tea mah oelah doegi ka nogentjang. Noe dimaksad teh kieu:

Djoeroe tani noe kasebat aja pakeunna prak babarengan digawe djeung batoerna ngajakeun modal aalitan. Eta modal prak indjeumkeun ka babatoeran patani deui noe katimbang bener kalakoeanana, wekel digawena. Tina perkara ngatoerna pakoempoelan mah entong djadi hoream, sabab ambtenaar-ambtenaar ti credietwezen oge salamina nampi kana panjaloeoehanana noe hajang dipangngoeroeskeun.

Atoeran kieu teh sanes atoeran anjar. Dina taoen 1900 Toean De Wolf van Westerroode parantos njaoerkeun jen atoeran noe pangsaena pikeun oerang priboemi teh kedah ngadamel pakoempoelan anoe aralit pikeun silih toeloengan djeung pada babatoeran.

Seueur anoe njaoerkeun di oerang mah crediet coöperatie moal tiasa kadjadian, margi pangartosna handap keneh. Djoeroe tani teh henteu gadoeh adat kana daek babarengan digawe, ngajakeun modal pikeun patanen deui. Entong djadi kaget waktos di Hindia Inggris ngawitan aja coöperatie basana oerang Koelon teh njakitoe pisan.

Dina sagala roepi oge ngawitan mah kantenan sesah. Malah oepami ngaos sadjarahna perkawis coöperatie di Hindia Inggris oerang tiasa gadoeh pangharepan, di dieu mah coöperatie teh tiasa langkoeng gantjang kadjadianana, tjobi bae manahan: koe ajakasten oge parantos ngahalang balang kana tiasa sabiloeloengan digawe, kawoewoeh koe seueurna roepi roepi roepi agama.

Sanadjan kitoe teu boeroeng djadi coöperatiena teh. Dina waktos ajeuna di Hindia Inggris ± aja 50000 coöperatieve credietbankjes, lidna kirang langkoeng 1600000.

Di Djepang aja 20000 pakoempoelan-pakoempoelan crediet, babakoena noeloeng tina perkawis gemoek koe rang leuwih 20 millioen yen.

Djoeragan-djoeragan miwah para mitra!

Mangga poepoegkeun tai kandjoet teh nja ajenna moesimna ngamanah kana lemah tjai oerang, bali geusan ngadjadi oerang, bangsa oerang. Sanes tina perkawis ambahan politiekna bae woengkoel, nanging tina perkawis economiena deuih (economische weerbaarheid).

Oerang Soenda oelah sina kateler-teler. Tapi oerang Soenda sina mojan di nagara lian, oerang Soenda sina tjampoer baoer ngabidjilan soeara tina perkawis economiena, oelah sina ngahekok di djoeroe, oelah sina borangan koe soerak.

Enggal ngagaleuh lot „Pasoendan"

**Pangaosna hidji f 1,—**

Kaoentoenganana anggoeun majar sambetan oeroet ngadegkeun H. I. S. di Kebon Tiwoe Tasikmalaja.

Bestuur Tjabang-Tjabang Pasoendan di mana mana, disoehoenkeun kersa ngabantoe madjengkeun ieu lot.

### Pikiran!

Sanes loeloetjon. nationalismo
Kadjeun boeroeng,
kadjeun paloeng,
da poegoeh bangsa sorangan,
bawa bae babarengan.
Broel:
noe iring-iringan
Abdi-Goesti nga-Hidji,
ngaleut ngeungkeuj ngabandaleut
ngembat pandjang njatang pinang.
arangkat ka: Kamadjoean!
Ne di mana ari Kamadjoean?
Itoe di ditoe, palebah:
djoetjoengna elmoe,
tjatjapna pangabisa:
noe tani batina moekti,
noe dagang batina beunghar.
hoerip Goesti waras Abdi,
waloeja katoet menakna.
Djleg:

**Pasoendan**
ngadeg deui!

* *

patriotisme.

Tanah Soenda, Pasoendan.
Mahi geusan moekti,
tiekap geusan betah,
**salah moen teu di aradjenan!**
Tanah Soenda, Pasoendan.
Sok soemawonna bangsa Soenda,
nadjan Tjina, nadjan saba bae oge,
**wadjib ngaradjenan ka Pasoendan!**

* *

**Naschrift.**

Mangga, para Djoeragan, para sesepoeh, para loeloehoer, para sadajadaja, njanggakeun.

Mana noe bade ditandjak kanggo dadasar toedjoean, naha **nationalisme** atanapi **patrioitisme?**

Dina nationalisme moesoenna (ingunstige beteekenis) tetela bangsa han; soepi dina patriotisme tiasa oge bangsana keneh.

Oepami hidji pa-Tani ngamonjah-monjah tanahna, teu mirosea, teu ngagemoek, teu miara enja-enja, tjek patriot mah: **E eh, oelah kitoe etah, njaäh!**

Njeri nationalist lamoen ningal bangsana di hina kana bangsa hian: tapi tjek patriot mah:

Kadjeun,
bongamna,
beunang hajang
bongan ngarajeoh noe djaoeh,
marileuheungkeun noe deukeut.

Babasan:

Djati kasilih koe djoenti,
Kadoehoeng tara ti heula.
tah eta bati sabonghrong,
heroj koe banda noe lian,
lian lain milik oerang,
Ratoe Galoeh kalah rijoeh,
kalindih koe Tjiamisan.

Sisindiran:

Batoe toeroen, keusik naek,
kasintoe dina sajangna,
itoe poeroen, koering daek,
ngan sakitoe kahajangna.
Sanes kitoe hartosna?
**Iraha mangsana?**

**M. G. K.**

## Larangan Vergadering.

Kelenting bawaning angin, kolepat bawa tjarita, jen ajeuna Pamarentah Hindia, geus ngamimitian ngalalankeun kakerasan kana djalanna pergerakan, babakoena pisan anoe geus tembong teh di Djawa tengah djeung Djawa wetan. Sabaraha pagoejoeban teu kaidinan ngajakeun atawa njieun vergadering, anoe dilarang teh lain bae pagoejoeban politiek, tapi Vakbonden oge dilarang bae, sakoer anoe make dadasar Communisme mah.

Kawas moal aja salahna, djeung moal aja gorengna, sanadjan koering lain Communist oge, djeung pagoejoeban anoe ditjatogan koe koering tatjan meunang halangan naon-naon, tapi rasa koering oenggal djalma meureunna ngaloearkeun timbanganana. Katoena deui koering oge hajang nembongkeun timbangan djeung pamanggihan, tina perkara anoe diseboet di loehoer.

Sanadjan toedjoean koering katjida bedana djeung Communisme, tapi koering teu ngarasa atoh saeutik-eutik sijan goebragna ieu atoeran. Sabalikna koering mangmandjakakeun anoe pohara pisan.

Koering katjida teu ngartina, Pamarentah ngajakeun atoeran kitoe teh. Make oekoeran naon djeung batoe oedjian anoe koemaha? pikeun ngoedji pergerakan anoe make dadasar Communisme teu.

Moenggoeh P. K. I. djeung S. R. mah, koe koering oge kahartí, sabab enja meureun make dadasar Communismena teh.

Tapi koemaha ari Vakbonden? Rasa koering tatjan tangtoe jen make dadasar Communisme. Naha pedah ngagoeloeng ngadjadi hidji djeung batoer sapagawean disangka Communistisch? Ieu mah ngadji soteh dina Vakbond djeung batoer sapagawean, ari di saloearenu pagawean mah teu atjan tangtoe.

Ari pergerakan saloeareun Vakbond tea, roepa-roepa, aja anoe make dadasar Kaislaman, aja anoe make dadasar Kabangsaan djeung djaba ti eta, malah aja oge pergerakan anoe make dadasar Kapitalisme.

Sanadjan anoe djadi pamingpin Vakbond tea, djalma anoe haloeanana Communistisch, oepamana, tapi ari Vakbondna djeung lid-lidna tatjan tangtoe jen Communistisch, sabab bisa djadi oge, rea anoe djadi lid tina roepa-roepa pagoejoeban anoe HENTEU Communistisch.

Tapi lamoen ieu atoeran tetep tjara anoe geus didjalankeun, hartina saroea bae, djeung dihoeroeu-soeloehkeun dikompet daoenkeun bae.

Djadi koe sabab eta, tjek sangkaan koering mah, kahareupna bisa djadi oge, pergerakan anoe make dadasar Nationalisme djeung Islamisme oge dilarang babakoena pagoejoebanana priboemi Hindia.

Naha Pamarentah geus jakin, koe djalan kitoe teh pergerakan di Hindia baris moesna?

Koering katjida ngarasa hariwangna, lamoen ieu atoeran diteroeskeun, sabab koe panjangka koering mah, pergerakan teh moal moesna koe djalan kitoe, sabab rereana somah boga rarasaan djeung bisa ngararasakeun naon-naon anoe toemiba kana dirina, djeung rereana somah geus boga kajakinan djeung geus ngarti naon goenana pagoejoeban. Djadi tina sabab eta, pagoejoeban-pagoejoeban teh tangtoe ari ajana mah, sanadjan make djalan koemaha oge. Bisa oge aja kadjadian soesoeloempoetan didjalankeun koe tatastahan.

Keukeuh koering ngarasa hariwang, bisi goreng temanna anoe matak koering aja sangka kitoe, sabab geus teu meunang terang-terangan tea.

Pamarentah rek ngalarang kana ajana vergadering atawa ajana pagoejoeban, moal aja hidji djalma anoe bisa ngahalang-halang, sanadjan pergerakan naon bae oge, sawewengkon tanah Hindia mah, da kaasoep somahna keneh.

Tapi koe timbangan koering mah, tibatan dilarang wawarehan atawa di pilih kasihkeun mah, leuwih hade oenggal pagoejoeban bae dilarang, oelah pilih boeloe, oelah pilih bangsa, oelah pilih haoean. Tah lamoen kieu mah, sanadjan P. E. B. oge meureun teu meunang njieun vergadering.

Ari geus kieu mah taja geusan genah kapanasaran, ngan tinggal noenggoe-noenggoe koemaha engke kadjadianana.

**B. S.**

## Tara tjadoe ka pamoedji.

Paingan tjeuk indoeng beurang:
„Oelah oedjoeh takaboer, matak wirang moen kabitoer.
Oelah langsoeng saoer bahe tjarek, matak loba noe ngadelek.

Ari ria mawa kana margalara. Estoe bener, estoe sidik, jakin tetela pisan, kakara karanapan ajeuna: karaos kieu karasana.

Satadina geus djadi kamegahan hate, sapedah geus aja taoenna ngoem bara, kabawa koe talangsara, di kolon „Ja Alloh," tepis wiring tanah „Ja Havid", henteu teurak koe saliring pamoedji, pangolo, pangempoekngempoek anoe sakitoe geus katjeloek kaawoen-awoen ka kontjara ka mana mana. Katjeloek, kasohor koe seukeut alah manan ragadji Inggris, kontjara koe leuleus hat, ngaleot teu karasa boelat beulitna.

Malah parantos ngadodja awak, ngoedji diri, maraikeun maneh ka goedang pamoedji, anoe dilarapkeun koe noe lendjang lempaj, tjara, dewata ti Sawarga Loka, lir widadari toeroen ti langit, oentoeng pisan teu weleh naintag kana dada, henteu kirib henteu miris kana ati sanoebari.

Koe geus ngagadoehan lalakon kitoe teh, koeroenjoeng . . . . petjenghoell! . . . . sang oedjoeb takaboer, dir nja pikir: „Tjadoe toedjoeh moeng koek piteurakkeun koe pamoedji."

Nja eta atoeh, abong-abong manoesa henteu daja, teu oepaja, naha ari galantang noe mentang ngadadar oetoesan Tjiandjoer mah dina Sipatahoenan noe kamari ieu no 28, bet geus teu karasa deui, doeka ka mana losna eta wiwaha djeung djeudjeuhan teh, ngan noe poegoeh mah liang irocng mamaoengan, hoeloe angen ratoeg toetoenggoelan, geus teu poegoeh nja rampa, teu poegoeh nja tjalak, samar koleseh, asa-asa meunang lotre kitoe . . . . moen enggeus mah.

Hadena bae kaboeroe koe djiad in doeng baroedak, dita'oedan, didikiran moen teu kitoe ipah lapoer, matak edan awi tjarang.

Ari ras inget teh bet heheotan, beger baramng hariring, tjara titiran beunang ngabeas beureuman:

Ilang boedi ilang akal
ngeles leungit tanpa lebih,
tampa karana njoekmana,
katitih katoempang tindih
koe pamoedji djago Tasik,
lalanang dajeuh Galoenggoeng,
anoe apal soeba sita,
tata titi tanda soerti,
gandang-ginding ngagending
poedji perlambang,
Henteu njana henteu njangka,
karah aja anoe leuwih,
leuwih berboedi pernata,
njelap-njelipkeun pamoedji,
alah manan wali watjis,
doekoen mandjoer ti Tjiandjoer,
horeng kitoe djadjatenna.
tapis titih toelas toelis,
Euleuh-euleuh Soekapoera sina tria.
Kateda kalingga moerda,
katampi koe asta kalih,
ditjangreud di djero dada,
ngantjik dina sanoebari,
poedji pinoedji binangkit.
moegi-moegi anoe agoeng,
nibangkeun rahmat kamoeljan,
ka poetra garwa sakalih,
diadohkeun tina ngaben, toempang moentjang.

**Oetoesan Tjiandjoer.**

**7—1—'26**

## Robahan padjeg.

Noeroetkeun bedja noe beunang di pertjaja ajeuna koemisi robahan padjeg geus anggeus njieun poerstelan ngarobah padjeg sarta 14 poe deui eta poerstel robahan bakal disanggakeun ka Pamarentah. Babakoena noe dipake patokan njieun poerstelan teh nja eta laporanana toean Meijer Ranneft tina perkara beuratna padjeg di poelo Djawa.

Naon hidji-hidjina noe dipoerstel di dieu teu bisa ditjaritakeun kabeh sabab sawareh poerstelan koedoe dipoetoeskeun heula koe sakabeh lid koemisi.

Ngan koe wangwangan, koe robahan noe dipoerstel tea, Pamarentah dina sataoen bakal kakoerangan nampa tina padjeg 10 atawa 16 mijoen roepia.

Ari padjeg noe bakal dikoerangan tea nja eta njaboet opcenten padjeg verponding Walanda, ngoerangan opcenten padjeg pangasilan noe dikeunakeun ka saoerang-oerangna djelema Koemaha ngatoerna ngoerangan opcenten padjeg pangasilan tea, tatjan bisa ditetepkeun, lantaran sawareh lid menta noe dikoerangan opcentenna teh nja eta djeleina noe teu sabaraha kaoentoenganana, tapi sawareh lid koemisi deui menta soepaja padjeg opcenten ka Goeperemen dikoerangan sakabeh djadi lain bae noe saeutik pangasilanana, tatapi sakabeh noe majar opcenten (tambahan) padjeg koedoe dikoerangan opcentenna. Ajeuna opcenten padjeg pangasilan keur Goeperemen teh reana 30%.

Ngan opcenten padjeg Naamlooze Vennootschap (maskape-maskape) moal dikoerangan. Timbangan koemisi djeung timbanganana Pamarentah tina perkara opcenten padjeg maskape saroea sarta dina waktoe ieu mah moal bisa bae njaboet atawa ngoerangan eta opcenten sanadjan toean Talma di Volksraad njarita, jen katjida perloena opcenten padjeg maskape koedoe dikoerangan.

Padjeg oerang priboemi noe bakal dikoerangan nja eta padjeg hoofdgeld (konde, sirah) djeung atoeranana padjeg pangasilan bakal dirobah. Padjeg konde beunang diseboet kahareup mah bakal ditjaboet sama sakali.

Koe atoeran ieu kahareup padjeg konde noe koe oerang priboemi katjida dipikangewana sarta noe katjida ngabeuratkeunana ka noe boga tanah bakal leungit.

Kadjaba ti ieu rea deui noe kahareup bakal dirobah, nja eta atoeran padjeg keur oerang priboemi saperti padjeg hartabanda djeung padjeg landrente (padjeg tanah). Koe lantaran ngarobah landrente sakitoe hesena djadi ieu mah robahanana moal bisa ajeuna-ajeuna. Babakoena landrente teh noe koedoe dirobah, nja eta tatandinganana padjeg tanah noe goreng djeung, padjeg tanah noe sedeng djeung padjeg tanah noe lendo: teu pati bener. Ajeuna padjeg tanah noe goreng gede teuing, oepama dibandingkeun djeung pangasilanana. Padjeg verponding (verponding naon? Corr.) oge bakal dirobah. Ieu misah djeung poerstelan mitjeun opcenten verponding. Koemisi rek ngamimitian njieun poerstelan ngarobah verponding sanggeusna poerstelan noe ajeuna disanggakeun ka Pamarentah.

Keur nambah-nambah kaoentoengan Goeperemen minangka djadi gagantina padjeg saeutik-eutikeun, bisa djadi beja barang-barang noe asoep ka Hindia ditaekkeun saeutik kalawan ngingetkeun karadjinan (nijverheid) Hindia.

Kitoe tjek Java Bode.

## Volkscredietbank.

Koering kapoengkoer, geus nerangkeun kasoesahana bdi-abdi noe namboet ka bank anoe tijitjingna di Tjiawitali Katjamatan Bjr. sari sareng anoe tjitjingna di Tjikoepa Katjamatan Pamaritjan, sareng oerang Djanggala Katjamatan Tjimaragas, karoegian-karoegian geus ditjarioskeun kapoengkeur saperti ti Tjiawitali koe koering geus diitoeng dina sakali stor aja f 2,25 eta karoegian teh sami bae sareng oerang Tjikoepa Djanggala stor ka Bandjar lamoen hoetangna ka Bank ngan f 20,— f 30,— mah bo eta teh beak kana ongkos woengkoel geura f 2,25 × 10 kali stor = f 22.50 toeh geuning beak. Tapi sanes moega Djoeragan Tjamat Tjimaragas djoeragan Tjamat Pamaritjan sareng Bandjarsari. Tjik geura rekeskeun stor sing di tarima di Bandjarsari Tjimaragas sareng Pamaritjan karoenja ka Somah, da ari pagawe Bank mah tjape oge wajahna da tjuri oentoeng. Timpah hatoer noehoen ka djoeragan Tjamat, anoe kersa ngoeroes noe kaoengel di loehoer.

**Hardjoproewito**

N. B.

tt. 8 Januari 1926 beuki angot beresna stor di Bandjar poekoel ½ lima, atoeh noe balik ka Bandjarsari tinggaleun tram noe balik ka Tjimaragas tinggaleun Vracht Auto, edas make njarewa mobil, rojal, koemaha noe teu boga ngan njeker atawa mondok nambah-nambah roegi oelah kapalang

## Kahiroepan oerang priboemi kasedekkeun.

Djisim koering hatoer pinten-pinten reboe noehoen, ka djoeragan Redactie jen andjeunna parantos kersa ngaloemajankeun ngamoeat kana Sip. ieu karangan djisim koering loemajan tamba kosong teuing, margi tebih kana samporna, ngan koe tina kapaksa hajang oeloe bioeng miloe tjampoer sareng anoe palinter etang-etang diadjar.

Sarerea boh golongan toekang tani, toekang dagang sareng golongan sanes-sanesna, tangtos pada ngaraos jen beuki kabehdieunakeun beuki soesah bae, neangan djalan pangoepa djiwa, lantaran kasedekkeun bae koe djalan pangoepa djiwana sedjen Bangsa, lantaran naon? Koe emoetan lantaranana teu aja sanes, ngan koe lantaran bangsa oerang koe koerang rempoegna tea bae, masih keneh aing-aingan.

Henteu koerang-koerang pakoempoelan oerang anoe tjampoer modal, m—h di oenggal tempat aja, boh kana dagang, boh kana naon bae, nanging nja eta atoeh beresna teh ngan oekoer sataoen doea taoen bae kabeh dieunakeun mah kotor, koesoet, toengtoengna mah goeloeng tiker. Margina aja pangoeroesna beres (satia), anoe djadi langganan atanapi aandeelna henteu satia.

Sanadjan sedjen bangsa oge henteu sadaja beres aloes moeloes, nanging moal aja 20%, anoe koesoetna teh, boektina onderneming - onderneming Mij toko-toko, ampir sadaja dioenggal kota gadoehna oerang asing, sabalikna di mana atanapi sabaraha hidji Onderneming Mij toko-toko bangsa priboemi? Oerang mah ngan oekoer djadi koelina bae, atananapi paling oentoeng waroeng leutik.

Atanapi Drukkerij mana, Soerat chabar mana anoe panggedena pang reana Advertentiena, bogana bangsa oerang? Lebah dieu djisim koering sok ras emoet kana karangan djoeragan Redactie anoe alamatna kaajaanana Sipatahoenan.

Njakitoe deui tina hal toekang ngala laoek laoet, djalma-djalma satoenja moal enja aja noe tjadoe dahar laoek asin, tapi laoek laoet anoe parantos diasin kajaning peda sareng sabangsana, sadaja kaloearan ti tanah deungeun bae, toerta di oerang toekang ngala laoek laoet sanes saeutik eutik djalma, sarta pangeusina laoet moal beda. Ngan bedana teh di oerang mah resep aing-aingan keneh, padoeli batoer teu ngalebok, sok moen aing seubeuh oentoeng, toengtoengna mah kapiran. Malah djisim koering oge anoe tjitjing sisi laoet, ana tempona teu aja laoek, sering dahar sareng peda.

Di laoet Pangandaran sareng di laoet Parigi, dina moesimna laoek laoet kaloear, sanes deui bae aroentoengna koe laoek teh, dongkap ka anoe garadoeh djaring, satarikan djaring kekenginganana henteu kabantoen koe 2 roda. Nanging anoe sakitoe oentoengna teh, henteu djadi doeit lantaran didjoealan baseuhna, ana henteu seep boeroek, anoe parantos boeroek bae dipitjeun. Tjoba oepami noeroetan deungeun-deungeun di asin, da oepami parantos djadi laoek asin mah kiat moelanan.

Emoetan djisim koering tina kahiroepan ngala laoek oge, kapajoeh bakal kasedekkeun deui koe semah Margina djisim koering matja dina soerat kabar Perniagaan sareng Tjamboek, kongsi oerang Djepang ajeuna parantos dongkap ka Hindia, ngadon ngala laoek, anoe parabotna sakitoe poharana, dongkap ka diasin nanaon, dina parahoe, katoeroeg-toeroeg sakitoe garetolna. Malah tjek panjariosan oerang Djepang mah, diadjarna ngala laoek teh ti leuleutik, sina teuleum parabotna peso balati, lamoen manehna geus bisa meunangkeun (geloet) sareng hioe anoe gede, sarta laoekna kabawa, kakara koe kolotna di djomplang (dipertjaja) boeat neangan pangoepa djiwa tina ngala laoek.

Hoermatna poen

**Kartomihardjo**

## Pangapoenten.!

Dina Sipatahoenan No. 25 Djoeragan Sastraatmadja parantos medar manahna (ngamalkeun elmoena) tina hal iman, nja eta iman moedjimal sareng iman moenpasal, Djisim koering pinten-pinten hatoer noehoen, leres-leres djoeragan djoeragan nja kitoe kedah kitoe, malah djisim koering oge parantos mendak dina kitab „Mesail" tjotjog sareng noe di lahirkeun koe djoeragan, ogo djoeragan ngalahirkeun:

Hartosna islam teh anoe ngagoengkeun kana dawoehna Allah ta'ala sareng kana dawoehna Kandjeng Nabi Rasoel, jaktos, jaktos djoeragan, jaktos, saha-saha djalma anoe nooroet ka noe kaoengel di loehoer, kantenan tangtos salamet, djadi tjetana islam teh „salamet" oge djoeragan Sastraatmadja parantos mentangkeun galihna tinamaksoedna, Iman Tohid, Ma'ripat moeng di dieu koering rada hemeng, nanging tobat ka noe Maha Soetji, lamoen djisim koering njawad, eta teu pisan-pisan, da koering oge njakitoe, ngan eta bae boeboehan eta ketjap anoe lalochoeng di pikir koe papaz sim koering, kantenan hemeng, kieu geura!

Iman hartina pertjaja (ngesto) geuning ngestokeun? Kapan aja basa man araftoe robbi bi robbi, saha noe njaho ka pangeran, temen temenna njaho ka dirina sorangan! Man arofa nafsahoe paqod arofa robbahoe, saha noe njaho kana dirina temen-temen ka pangeran, Wafi ampoesikoem afala toebsiroen hartosna. . . . . . . .

Tohid ngahidjikeun atawa noenggalkeun, geuning ngahidjikeun? Kapan Moechollafatoe lil hawadisi. Alloh ta'ala bedjana Beda sareng bangsa anjar.

Ma'ripat, ningali, nendjo, geuning nendjo? geuning ningali? ari ningali teh parantos aja ketjap pagawean, kapan La'haola waila qoewata illa billah, tah ieu noe margi djadi hemeng ka djisim koering teh, tjing atoeh noe kersa noeloeng njingkabkeun ka hemeng sim koering timpah hatoer noehoen.

poen
**Hardjoprowito.**

N. B.

Oelah djoehal noe achli agama, sanggem djisim koering oge, elmoe teh warisan ti karoehoen oepamina „kantoen koemaha achli waris kitoe kieuna, malah djisim koering kapajoen bade medar, titinggal karoehoen tina basa roekoen islam, (roekoen anoe matak ngadjadikeun salamet) imoet ieu anoe bade ditjarioskeun koe koering teh tina kanjataan kalahiran.

Margi geus ilahar ilmoe teh pikeun salamet doenja acherat pikeun lahir sareng batin, ari lahir teh eta embee saning batin moal aja batin lamoen

teja lahir, bandingkeun deui, kana awak sareng pikiran, sanadjan waras awak lamoen teu waras pikiran, lamhat laoen badan roeksak, waras pikiran badan roeksak; lambat laoen pikiran oge katoet roeksak, (mens sana in corpore sano) djadi kedah aloes djalma djero, eta noe langkoeng oetami, ajeuna koering baris njarioskeun, hal kalahiran teu henla, malahmandar beres lahirna ngadjadikeun aloes batinna. saperti karoehoen tengens ninggalkeun warisan nja eta basa „roekoen islam" pihartoseunana nja eta „Karoekoenan anoe matak ngadjadikeun kasalemetan" sareng roekoenna „emoet ieu koering njaritakeun sabeulahna atawa kalahiranana malah mandar bisa njata kamoeljaan di lahirna, hal acherat walla hoe 'alamanging Allah noe oeninga."

Samangsa - mangsa pertingkahna geus roekoen tangtoe lami lami pikiranana roekoen (manahna roekoen) bisa netepan basa „djoem'ah" sakoetoe hate, atawa saiket hate emoet oelah salah tampi, tjeuk koering titinggal karoehoen senadjan Nabi Adam oge karoehoen oerang sareng sanes sanesna deui.

Bade disamboeng.

## Teu pati kaharti.

Ti wates setatsion Tjikampek djeung ti wates statsion Bogor ka Batawikeun, lotjeng noe sok dipake tangara atawa isarah nitah tarapti djeung nitah inditna kareta, geus sawatara boelan lilana dileungitkeun sarta diganti koe saroepa papan boeboeleudan meunang ngetjet hedjo djeung beureum ti tengahna (dimata - sapikeun).

Koe leungitna lotjeng isarah tea, teu woedoe oge pakeun noe masih keneh toemamoe mah athwa noe tatjan pisan njaba ka tebeh dinja, katjida matak ngadjadikeun karipoehanana teh. Lantaran karasa koe sim koering pribadi nepi ka katinggaleunana; da nja eta tea ti barang wawoeh djeung kareta api teh bareng wawoeh djeung lotjengna tea.

Tjek bedja kaharoep mah, ti semet Tjikampek ka Wetankeun oge rek diganti.

Ari tjek rasa koering mah, moen meunang nawar; sok keur nanahaon teuing make diganti, da eta geuning boektina di palebah Batawina pisan oge bet nja keukeuh loba keneh bae noe sok taringgaleun koe lantaran eta teh.

Tapi doeka ketah, doemeh koe sim koering tjan kaharti soegan, nja koe sabab eta rada bajang dibedjaan; naon eta teh maksoedna?

Aja deui

Toeroen-toeroen ti karoehoen saoemoer njoenjoehoen hoeloe, di mana aja goegoep-ripoeh djeung aja reuweuh reuweuh teh atawa aja roesoeh, boh naon bae, boh aja noe ngamoek, boh aja kahoeroean; noe diheulakeun dipake isarah geusan menta toeloeng teh sok nakol kohkol, dititirkeun atawa dikoemaha bae, malah rada baheula mah make aja atoeranana nakolna oge, nja eta sangkan sakabeh djalma pada njaho jen aja goegoep ripoeh sarta soepaja pada iatna atawa naroeloengan.

Ari ajeuna teu kaharti ien kohkol teh di dajeuh Bandoeng mah make dieuweuhkeun, minangka panggantina koe lotjeng atawa nakolan beusi. Tapi koemaha da sora beusi mah djeung sora lotjeng bet teu djiga, teu pati bentes saperti sora kohkol. Djeung deui sok saleuneung moen di ceunggal imah pada ngaboga lotjeng, da ari kohkol mah beunang koe awi; orokaja ari teu boga, na koedoe tjoekoep koe gegeroan bae kitoeh?

Angot deui dina mangsa tengah peuting noedjoe pada djempling, kawasa geus leuwih-leuwih baris ripoehna teh. Boektina tjan lila kadjadian kahoeroean di djero dajeuh Bandoeng noe teu djaoeh pernahna ti kampoeng simkoering, nepikeun ka sakampoeng sim koering saeutik pisan noe njaho jen waktoe eta aja kahoeroean teh.

Moen anja teh ieu kohkol aja dawoehna ti noe Agoeng, tjing atoeh noe Agoeng sim koering pasihan terang naon tavrgina? Atoeh naha teu digentos koe bende? pek sareana bere, tapi oelah kedah meuli da kohkol oge tara koengsi dibeuli.

tjeuli kamoeeng

N. B.

Hiwir-hiwir aja warti, jen leungitna sora kohkol teh, koe pamoendoetna noe boemina tina batoe, noe djaoeh tina kahoeroe.

Orokaja ari koering? noe denkeut ka hahja seuneu, koemaha.?

## Ganti taoen.

Sarerea tangtoe pada ngarasa pait peuheurna taoen 1925, boh golongan toekang dagang, boh golongan toekang tani, ngan pamoega bae taoen ajeuna mah masing redjeh deui, naonging rarasaan djisim koering moal aja bentena sareng taoen toekang, geura koe djisim koering bade ditjarioskeun sakadar pamendak oerang sisi boedah laoet kidoel, anoe heureut titingalanana.

Ka I Koemargi parantos rame di soerat-soerat chabar Malajoe, njarioskeun jen perdjalan ka Mekah Madinah ajeuna parantos diboeka, hartosna teu aja halangan naon-naon. Margina Amir Alie poetrana Amir Hoesen, ajeuna parantos toeroen tina Karadjaanana, hartosna parantos teu gadoeh kakawasaan deui. Malah tjariosna anoe djararah ajeuna sasih ieu seueur pisan, babakoena oerang Djambi sareng Borneo, margi di eta 2 tempat waktos ieu seueur artos koelantaran naekna harga karet.

Di salebet taoen 1926 teh moal lepat deui oerang Poelo Djawa, tang toe riboet saaja-aja dikoempoelkeun baris bekel moenggah hadji, anoe dipeundeum sadjero 2 taoen, kari-kari ajeuna djalan.

Teh, koelantaran eta, tangtos pisan oerang anoe tinggaleun kabagian soesahna woengkoel.

Ka II Dina saban-saban taoen katoekang elatna pisan dina boelan Rajagoeng teh, toekang tani moe moekti na, lantaran beunangna hese njawah teh parantos dina leuit malah biasana pisan mah boelan Rajagoeng teh keur pada soekan-soekan, ti wetan kidoel koelon kaler teh mani rame sora goong, haradjat, aja noe njoenatan kawinan sareng djabi ti eta.

Bareng taoen 1925, boedjeng-boedjeng dina boelan Rajagoeng tea parena beunang njawah dileuitan malah parantos boelan Djoemadilakir, boedjeuna kakara taram - taram, sawah sawah masih keneh bareulah, boro boro tandoer tea.

Anoe ngadjadikeun redjeh kana sagala pokona ngan ti toekang tani, lamoen toekang tani oentoeng beubeunanganana, toekang dagang miloe pajoe gede oentoeng, kaoem koeli oge miloe redjeh, karana beubeunanganana koeli sapoe, bisa tjoekoep didahar 3 poeeun, tjindekna bisa njenangkeun ka sagala golongan. Njakitoe deui sabalikna.

Koe lantaran eta ana dihantem dipikiran, tina wates taoen 1924, 1925 sareng ajeuna taoen 1926, njawah teh bakalna ngan 2 kali, kitoe oge taoen ieu lamoen slamet, ari majar padjeg sawah taoen 24 loenas, taoen 25 Voldaan, taoen 26 oge tangtoe koedoena dibajar.

Koemargi eta sanget panoehoen kanoe wadjib soepados digalih, soepados oelah ngaraos kabeuratan teuing.

Hoermatna poen
Kartomihardjo.

## Ngadeudeul Sasambatna Pasoendan.

Koe Sioom Pangiedjar Ieemajan
ti Oerang kampoeng.

Pamoepi entong salempang,
Atanapi manah alit,
Sanaos seueur rintangan,
Oebjag satoengkebing langit,
Nendang ti hareup ti gigir,
Doesoen oerang lamoen moendoer,
Angot pisan Bestuurna,
Noe nadah djoeriting wening,
Oerang hajoe sareng sareng ngabelaan.
Lamoen ieu perkempelan,
Aja anoe kirang wening,
Hamo bisa kadjadian,
Atanapi hasil boekti,
Lain boekti anoe roedjit,
Istoening noe loeloes bangloes,
Taktik beres poelitikna,
Moal boeroeng hasil moekti,
Anoe Agoeng enggal masihkeun Merdika.
Nadjan ieu perkempelan,
Ahli ahli kirang moekti,
Ari Lidna kirang setja,
Sanadjan bajoeta keti,
Anggoeran djadi meetjiljid,
Laeen laoen djadi moendoer,
Kaered koe noe bengbatan,
Eureun kawas noe kapilis,
Ka angsenan doeka koe saba sabana.
Dangdanggoela Kentar.
Euweuh deui anoe djadi pikir,
Hajang teuing ieu perkempelan,
Indoeng bapa Soenda kabeh,
Neangan oebar bingoeng,
Sami sami oerang sapikir,
Ambih hasilna enggal,
Aja sih Noe Agoeng,
Laoen laoen njoemadanan,
Lamoen oerang panteg pikir,
Gilig ati anteug oelah bengbatan.
Hajoe kantja sami sami ngabring,
Hanas aja rantjana gogoda,
Anoe biasa sok ngorek,
Sapoekeun masing djaoeh,
Itoeng itoeng mitjeun roeroedjit,
Lain oerang koedoe soesah,
Tapi koedoe madjoe,
Malar gantjang dikaboelna,
Noewoen Goesti kanoe sipat rahman rahim
Doenga abdi diidjabah. . . . . .
AaaaaaMiiiiiin Jarobal alamin.

H. T.

## Panambih.

Ka djisim koering aja noe marikSakeun naha verantwoording studiefonds anoe dimoeat koe comiteleden (pangoeroes) dina Sipatahoenan minggoe poengkoer teh, verantwoording studiefonds sadaja atanapi pangpandeurina woengkoel. Kapalajna djawaban koering dimoeat di dieu.

Eta verantwoording teh, verantwoording djisim koering woengkoel, nja eta artos kagadoeh studiefonds anoe ditampi ti djr. Masdoekie dina 20 Juni 1924. Hartosna: eta verantwoordingna mah tanggoengan koering woengkoel.

Djabi ti eta djr. Masdoekie moendoet ka djisim koering dijarioskeun deui dina Sipatahoenan, padamelan andjeunna djadi kassier teh sami sareng bank bae, hartosna noe kapihapean artos woengkoel. Sareng artos anoe dipasrahkeun ka koering teh parantos disamikeun sareng boekoena noe aja di penningmeester. Saoerna: Ieu katerangan dimoeat, bilih bae aja noe kaliroe.

Hormatna
E. Bratakoesoema

## O E L E M A N.

Pakeun ngempelkeun artos keur noeloengan noe katjamlakaan di Nagri (lantaran bandjir) sareng sakalian minangka pangeling-ngeling kana tjarogeanana Kandjeng Radja Walanda djedjeg 25 taoen (zilveren feest), di Tasik diajakeun comite sarta dina panangtaian Februari bakal ngajakeun roepi-roepi karamean djeung ka rasmenan.

Keur kaperloeanana doeloer-doeloer di Nagri, noe sakitoe kenginguna toeng gara koe lantaran tjaah, oerang sadajana pirakoe dongkap ka teu tiasa derma saeutik-eutikeun, sanes?

Oepami pangaos kaartjis dimahalkeun, poma oelah garegelendeng djrg. djrg. istri pameget, margi maksad teh sanes bade nipoe, sanes ngadjepit


# „TJIN FEN"

Kamasan pajoeneun pakgade
Tasikmalaja.

Nampi roepi - roepi padamelan tina emas sareng perak, sapertos: ngadamel krlepen, tjoetjoek konde, soeweng, panilih, rante erlodji enz.

Padamelan ditanggel sae tjepet, ongkos mirah, noe mawi disoehoenkeun ka sadaja para djoeragan sobat-sobat moegi kersa njobian ngadamel tangtos bakal kenging kabingahan

Hormatna
TJIN FEN.



## TOKO en DRUKKERIJ

Pasoendan Tasikmalaja.

Nampi sanis kauten padamelan, ngitjal wawatjan anoe parenting anoe marodel, sapertos:

Batara Rama, kenging disebat poesaka oerang dina dangding basa sareng tjariosna, karangan R. Anggabrata Boedjangga Soenda . . f 0.65

Ardjoenawidjaja, penting eusina, basana, margaloejoena . . . f 1.—

Atoeran hal onwettige Occupatie (tanah mentah teu sjah) . . f 0.25

Pangadjaran Agama Islam (pangatoeranana) . . . . . . . . f 0.35

Wet perboeroean . . . . . . f 0.60

Sadjarah Kangdjeng Nabi Moehamad . . . . . . . . . . f 0.50

Wawatjan Batara Rama II pangaos f 0,50.

Nampi roepa-roepa tjitakan.

Wawatjan Wasiat Rama moeng f 0,10 parloe kanggo persen moerangkalih.

di Toko Pasoendan
TASIKMALAJA.



# Dr. TAN TJOEN HAIJ

ARTS.

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina
Djr. Dr. Saleh Marhoem.

Ngalandoengan sagala roepi panjawat. Marios saban dinten.

Waktosna.
Endjing-endjing 7 - 9
Sonten 4 - 5

41



## NEMBE - MEDAL ?

Kantoen saeutik deui ? ?

Zak Almenak taoen 1926 anoe ditjitak sareng dikaloearkeun koe „Galoenggoeng Drukkerij" Tasikmalaja pangaos:

35 Cent

Eusina iwal anoe parantos diwartoskeun dina Sipatahoenan kapoengkoer, diwoewoehan, deui koe ordonantie Raad Kaboepaten saperloena sareng ellid elidna sawewengkon Priangan wetan.

Pesenan anoe tebih tiasa dikintoen nganggo djalan Rembours, saeutikna 5 djilid.

Oepami pesen langkoeng ti 10 djilid tiasa langkoeng mirah.

Anoe ngadjeng pesenan
„Galoenggoeng Drukkerij."



Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1925

# Koek - en Banketbakkerij

Fabriek

RADEN NATAMIHARDJA

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjabi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutna noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloeananana koeweh, sapertos: boemboena, kiosirna sareng kembangna oge, panga os kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ije poeter noe sajaktosna 1 Liter timbangan pangaos f 2,50 doegi . . . 15.— ditanggel sae.

Noe ngantos

17 Raden Natamihardja.

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja



KEMBANGGOELA
HOPJES.

JANG PALING ENAK.

Per blik isinja 400 bidji f 8,—
Boeat djoeal lagi per peti isi 4 blik à 400 bidji f 10,—
STROOP jang paling enak per fl. f 0,50
voor djoewal lagi
1 peti isi 10 fl. . . . . f 4,—
Terisi Roepa-roepa, sapertie: Frambozen, Rozen Citroen, Ananas, Pisang enz

L O T E R IJ O E W A N G
O L Y M P I A D E

Hoofdprijs f 150,000
Tariknja 1 Juni 1926
Harga Contant per lot f 11.—
Kaloe Rembours „ „ f 12,—
Harga jang diseboet diatas laen ongkos kirim.

Melingken boleh dapet pada:

DJI GOAT BING:
SEMARANG.



Djoeragan[2] sareng saderek[2] oelah kabelokan, moal aja noe bireuk, moal enja benten oeninga, ka Pasar baroe Tasikmalaja. Pilari bae dina roeangan No. 1 Los letter B. di dinja aja waroeng GENDONG (bangkelan) anoe parantos kasohor kamirahanana sareng marodel barangna mangga soemping saban dinten oge boeka di adjeng[2] pisan.

Hoermatna

50 Mh. SATIBI



## Perloe Oeninga.

Mangga aos mangga tjobian mangga boektikeun salamina nampi roepi-roepi padamelan panganggo pameget atanapi anggoan Maroerangkalih noe didamelna ditanggel sae sareng rapih, oge kantenan disajagikeun lawonna roepi-roepi sareng nampi kengkenan ngadangdosan roepi roepi barang erlodji kalajan disajagikeun saparaboina.

Diantos pisan kersa njobian sareng enggal pesen Ongkosna (pangaosna) di tanggel mirah.

Hormatna poen
SASMITA
Kleermakerij en Horlogemakerij
merk
„Malah Mandar"
Stationweg 21
TASIKMALAJA.



## Awas Kabar Penting.

Djaman ajeuna oerang Soenda wadjib mibanda sarta noengtoet elmoe pikeun doenja aherat.

Koemaha djalanna? Ajeuna parantos diboeka Taman Aosan, nja eta Bibliotheek SINAR KAMADJOEAN. Njajagikeun saniskanten boekoe[2] mangratoesratoes kaloearan mana-mana sareng ti Bale Poestaka pepek.

Bab pangadjaran sakola, kaoetamaan, agama, drigama, roepi[2] babad, tjarita-tjarita, dongeng dongeng sareng rea rea deui, teu diwintjik hidji hidji.

Mangga bae poendoet koe andjeun, . . . . . . . koemaha kaajaanana. Pikeun sewaanana: teu kiuten mirahna maksoedna moeng bade ngamadjengkeun bae soepados resep kana maraos. mirah pisan.

Noe ngantos ngantos
Mochamad Satibie
p/a Bibliotheek Sinar Kamadjoean
Pasar kolot poengkoereun boei
TASIKMALAJA.

N. B. Disoehoenkeun ka sadajana noe ngaloearkeun prijscourantna, 5 kintoen ka adres noe di loehoer.



## Goeroe kaloearan ti Hoogere Kweekschool.

Dilari bidji goeroe kaloearan ti Hoogere Kweekschool kangge enggal dibenoem kana KAPALA sakola di Neutrale Hollandsch-Inlandsche school di Medan (Sumatra's Oostkust).

Gadjih noemoetkeun atoeran di Gouvernement sareng diwoewoeh paling saeutik f 50.— sasasih.

Soerat-soerat lamaran kedah dialamatan ka

Bestuur Schoolvereeniging Boemipoetra Hindia di Medan
(Soematra's Oostkust)



## Pangaos toeroen!

Boekoe-boekoe karangan M. I. Prawira Winata, noe disebat di handap ajeuna kieu pangaosna:

Tembang Sisindiran. . . . . f 0,50
Wawatjan Pangeran Soemedang f 0,25
Pamimpin hitoengan . . . . f 0,40

Kenging ngagaleuh di toko-toko boekoe
Boekhandel VISSER & Co.
Bandoeng.
Boekhandel L. A. LEZER
Tasikmalaja.

nanging hajang ngempelkeun artos. kapan Tasik moal enja dongkap ka kedah eleh koe tempat-tempat sanes.

Ieu di handap kasanggakeun programmana pikeun saheulaanan.

Kalawan asmana Comite
Resident Priangan-Wetan
(Wg.) H. C. v. d. Bos.

**Saptoe 23 Januari 1926.**

Poekoel 9 peuting. Wajang wong Prijaji di sositet Galoenggoeng make kartjis.

**Ahad 24 Januari 1926.**

Ngamimitian competitie maen bal di aloen-aloen kaboepaten.

**Saptoe 30 Januari 1926.**

Bioscoop extra nummer Harga kartjis ditaekkeun. Teu aja kartjis pere.

**Ahad 31 Januari 1926.**

Bioscoop extra nummer. Harga kartjis ditaekkeun. Teu aja kartjis pere. Panoetoepan maen bal.

**Saptoe 6 Februari 1926.**

**Poekoel 8 peuting (make kartjis)**

Soiree Variee di sositet Galoenggoeng kalawan pertoeloengananana sositet Galoenggoeng, I. E. V. djeung sawatara djrg.-djrg. istri pameget. Di enjeub-enjeub koe moesik ti Bandoeng biasorchest Mengelberg djeung bisa djadi koe moesik I. E. V.

Tempat tooneel keur cabaret djeung gedong bioscoop sanggeusna eerste voorstelling dipake tempat pesta (dangsa).

**Pangeling ngeling zilveren Jubileum kangdjeng Radja Walanda.**

Biantara pondok Toean Resident Priangan Wetan. I. E. V. sateroesna noe ngoeroes pesta. (Di sositet bisa meuli roepa-roepa kadaharan djeung towa.)

**Ahad 7 Februari 1926.**

Roepa roepa permaenan djeung karasmenan di aloen-aloen kaboepaten (make kartjis).

**Poekoel 7 peutingna.** Pasoenoan tooneel noe pikaseurieun di sositet Galoenggoeng (make basa Malajoe) oge make kartjis.

**Senen 8 Februari 1926.**

(sakola-sakola djeung kantor-kantor ditoetoep).

Iring-iringan toempeng. Mimitina poekoel 8 isoek-isoek. Djalana ti mad hab papat. Ngaliwat pakarangan resident teroes ka masdjid rek hadjat.

Pendoedoek Walanda, Prijaji djeung Tiong Hoa noe paroendjoe: diondang ka boemi toean Resident antara poekoel 8 djeung 9, pikeun nongton iring-iringan djeung moen perloe noeng koel hadjat di masigit.

Satoetasna hadjat rameaan di aloen aloen.

**Perloekeun saroemping.**

Oge bangsa Tiong Hoa rea noeloeng noeloeng kana pesta.

Derma ti noe moal miloe pesta, bisa dikirimkeun ka secretaris comite, toean Siau van Leeuwen.

## Algemeene vergadering „Pasoendan Tjabang Tasikmalaja."

Dina dinten Minggoe ping 31 Januari 1926 bade ngajakeun algeemeene Vergadering Pasoendan Tjabang Tasikmalaja di H. I. S. Pasoendan Kebon Tiwoe. Ngawitan taboeh 9 endjing endjing. Noe bade dibarempagkeun teu kinten seueurna babakoena perkawis H. I. S Disoehoenkeun ka sepoeh sepoeh moerid komo noe tjaket mah oelah teu soemping kana eta kempelan, margi teu kinten pentingna noe bade dibarempagkeun. Koe teu merloekeun soemping kana ieu vergadering sami bae sareng ngebrakeun sakola. Na jaktos maksad sepoeh-sepoeh moerid teh bade ngebrakeun sakola? Ieu sadaja-saja njangakeun. Teu kinten peroena kedah aja sasarengan didamel antawis sepoeh moerid, goeroe sareng bestuur, perloe keur kahadeanana moerid moerid. Oelah lat soempingna taboeh 9 bade ngawitan.

Nja kitoe deui ka lid-lid sadaja moegi diperloekeun soemping kana ieu vergadering. Noe teu tiasa soemping moegi kersa masihan serat kawasa ka lid noe sanes atanapi ka bestuur soepados ieu algemeene vergadering oelah kantos didoeakahan.

Agenda:

1. Maos jaarverslag Pasoendan Tjabang Tasikmalaja,
2. Ngabenoem verificatie commissie.
3. Ngabarempagkeun voorstelan congres taoenan.
4. Studieclub Soerabaja.
5. Loterij.
6. Kaajaan H. I. S. Pasoendan.
7. Milih bestuur anjar.

Voorstelan - voorstelan ti lid. samemehna vergadering wartoskeun ka bestuur koe lisan atanapi koe serat, soepados dina vergadering eta voorstel lugakoeng gampil dibarempagkeunana.

Hoermatna
**Bestuur Pasoendan Tjabang Tasikmalaja.**

## Atoeran dari

Officieel sebeloemnja memboeka vergadering jang pertama dari Raad Kaboepaten Garoet pada hari Selasa tt. 19 Januari 1926 di pendoppo kaboepaten Garoet.

Pada hari itoe poekoel 8¼ pagi P. K. T. Resident Oost-Priangan akan berpidato (membikin redevoering).

Toean-toean leden Raad Kaboepaten dan sekalian jang diondang diminta poekoel 8 pagi soeda dateng di pendoppo kaboepaten.

Jang mendjadi ceremoniemeesters:

1. R. Rg. Wiradipoetra, Patih Garoet.
2. M. Rais Sastradipoetra, Regentschapssecretaris.
3. M. Hasan Ahja, Adjunct id.
4. R. Soeria Hoedaja. Mantri Kaboepaten.

Poekoel 8¼ pagi P. K. T. Resident Oost-Priangan dipapag oleh Patih Garoet dan Regentschapssecretaris ke gedong kaboepaten dan diiring pergi ke pendoppo.

Sebeloemnja masoep di pendoppo, maka Adj. Regentschapssecretaris berdiri di dekat pintoe dan membilang dengan soewara jang njaring:

P. K. T. Resident Oost Priangan laloe muziek berboenji lagoe „Wilhelmus".

Semoea jang berhadlir laloe berdiri dan P. K. T. Resident berpidato, sesoedahnja lantas jang angkat bitjara Kandjeng Boepati.

Setoetoepnja 2 beliau bitjara, maka muziek berboenji poela pake lagoe: „Wien Neerlandsch bloed" dan 2 beliau ini oleh Patih dan Regentschaps-Secretaris diiring poelang ka gedong kaboepaten.

Ceremoniemeesters M. Hasan Ahja dan R. Soeria Hoedaja menerima leden Raad Kaboepaten dan sekalian jang dateng.

Toean-toean jang dateng, diminta dengan hormat, kaloe bangsa Europa berpakean Jacquet, jang laen bangsa pake djas item dan ambtenaar² leden boemipoetra berpakean costuum besar.

Satoetoepnja, ini officieel semoeah poelang ganti pakean dan poekoel ½10 pagi lid-lid Raad kaboepaten dan jang soeka itoe hari koempoel lagi di pendopo kaboepaten akan menghadliri vergadering Raad kaboepaten jang pertama.

Dengen printahnja Kangdjeng
Boepati Garoet
Patih
**Wiradipoetra.**


**TOKO**
**Universeel Agentschap**
# NIC MULLER
**TASIKMALAJA**
**Goenoengladoe No. 15**
**Telefoon No. 26.**

Roepi roepi oebar oebaran sapertos:
Landong njeri bool
Landong soepados tiasa koelem
Pil koeras manis
Landong panas anggoeun moerangkalih
Landong intjok
Saboen anggoeun kasawat koelit
Landong noe lembek salira soepados djagdjag
Landong gohgoj sareng mengi
Zalep boelao koneng sareng bodas
Kompa pinareup
Wedak roepi roepi
Pel njenjepan
Landong njeri kahampangan
Castor olie noe diboengkoes
Creoline, Karbol
Kompa istri
Landong njeri beuteung tadjam
Oebar kokoloteun
Landong angkeng
Kain karet No. I.
Landong kiat ka . . . ?
Landong kakiatan moerangkalih soepados montok
Limoen pergasi
Landong paranti moeragkeun boeloe kelek
Oebar raheut
Oebar paranti dikoeramas
Oebar toembila
Landong kakiatan salira
Perban perbanan. kapas sareng seueur sereur deui.

Awas! Tjelep badjoe atanapi kain kain roepi roepi warni.

Model, moerah, aloes.

Mangga lebet ka toko.

Noe ngantos
40 **Nic Muller.**



## ANGGOEUN CURSUS
**Partikoelir BASA WALANDA.**

WALANDA-SOENDA (Leerboek, Voorbeeldenboek en Woordenboek), nja eta boekoe pangadjaran basa Walanda, diterangkeun koe basa Soenda. Pangaos 3 djilid f 3,— Ongkos parangko f 0,40. Rembours f 0,65.

BELANDA-MALAJOE, 1 djilid tamat, pengadjaran basa Belanda diterangkan dengan basa Malajoe. f 1,50. Ongkos parangko f 0,35 Rembours f 0,60.

**Oepami ngagaleuh seueur kenging potongan.**

TOKO BOEKOE
**L. A. LEZER,**
**Tasikmalaja.**



## ADJAIB!

Nadjan ngilari ka sakoelish doenja oge, tangtos moal mendak boekoe dongeng bobodoran basa Soenda **adjaib koe loetjoena** sareng **adjaib koe pigoemoedjengeunana**, djabi ti boekoe dongeng-dongeng karangan **Gotama**, anoe kasebat di handap ieu:

**Goedang Goemoedjeng** (50 dongeng) pangaos f 0,75 Franco di Post f 0,90.

**Pabrik Seuri** (100 dongeng parondok) pangaos f 0,80 Franco di Post f 0,90.

**Bodor triwangsa** (50 dongeng parondok) pangaos f 0,50 Franco di Post f 0,60.

Rembours ngawoewoeh deui ongkos f 0,50

**Poendoet Prijscourant! Poendoet Prijscourant!**

**Poendoet bewara saembara dongeng.**

**TOKO BOEKOE**
# M. I. PRAWIRA WINATA.
**Katja-Katja WETAN 182 BANDOENG.**



## SIAPA MAOE DJADI ORANG JANG PANDAI?

Soeroehlah toean poenja anak, atau bagi toean sendiri, boeat beladjar bahasa INGGRIS dan BELANDA soepaja bisa memboeka sagala pintoenja pengatahoean.

Kirimlah moelai ini hari wang f 0.50 boeat satoe boelan, atau f 1.50 boeat tiap-tiap kwartaal (djadi abonne) pada adres jang terseboet dibawah ini. Nanti toean-toean saban boelan aken menerima DOEA kali boekoe jang MELOELOE berisi peladjaran dari DOEA bahasa Melajoe dan memakai gramatica (paramasastranja) djoega.

Moelai keloear peladjaran itoe nanti tanggal 2 Januari j. a. d. ini 1926.
Pengarang (goeroenja) ada keloearan dari sekolah tinggi semoea.
Semoea abonne haroes memberikan adres tempat tinggalnja jang terang.

**BUREAU „ONTWIKKELING"**
**BANDOENG.**



## TAN HOEN AUW

**Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.**

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Dina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roa oelam saladjengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Nah teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawat waos, anoemawi kedah didjagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.

Para istri dioeroesna koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos
11 **TAN HOEN AUW**
Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.



## SIK DJOEN KWAN
**TOEKANG GIGI**
**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Teu aja deui angon-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat laieudeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poeu bodjo.

**Anoe ngantos pesenan a saroempingna'**
**SIK DJOEN KWAN**
18 **Sarimbit.**



## SOERAT - SOERAT POEDJIAN BOEAT TOKO OBAT
**HINDOESTAN**
TASIKMALAJA.

**VERKLARING.**

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapen Tasikmalaja. Nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjoba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie) Tapi sanggeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe ka seboetdi loehoer, bisa tjageur teu dibelek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung banggana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer
**H. A. Cartobie.**

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:
Dari: Toean Buirger Noesa Kambangan Tjilatjap
Toean Moh. Bawasir Tjilatjap.
Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.
Toean J. A. Tan Djokjakarta.
Toean Basiroeau Delangoe Djokja.
M. Prawiro Djokja Toegoe.
M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.
R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.
M. Soma Tjigedoeg Garoet.